



**Consent To Procedure/Operation
Labor, Augmentation, and
Induction of Labor Management**

AFFIX PATIENT LABEL

or

Patient Name _____

Surgeon Name _____

MRN/DOB _____

Mwen, _____, bay otorizasyon
(Non Pasyan/responsab legal)

pwofesyonèl swen sante _____, mwen an ansanm ak
(Non medsen an, fanm saj, dantis oubyen chirijyen responsab)

asistan li ka deziyen yo, menm jan ak lòt moun ki oblije patisipe nan pwosedi/operasyon an yo ka poko konnen nan moman sa a, men ki gen ladan li moun ki nan paj 2 a pou fè pwosedi/operasyon sa a:

Jesyon akouchman, ogmantasyon, endiksyon, administrasyon medikaman tankou mizopwostòl ak ositosin, epizyotomi, akouchman fòsèp oubyen vantouz, sezaryèn annijans ak swen ijans pou bebe aprè akouchman tankou: reanimasyon, entibasyon, transfizyon sangen: estimilasyon akouchman, akouchman nòmal, epizyotomi, akouchman asiste ak enstriman, swen bebe, ki gen ladan li tib respiratwa nan trache, plasman katetè nan kòd lonbrit la, epi bay bebe a san.

(Non Pwosedi/Operasyon ak Deskripsyon Brèf)

Non ak pozisyon moun sa yo k ap patisipe nan pwosedi/operasyon an yo pral anrejistre yo nan dosye medikal la. Mwen konprann mwen kapab mande yon kopi dosye medikal mwen an.

Mwen otorize tout operasyon oubyen lòt pwosedi yo jije nesesè yo dekouvri pandan pwosedi/operasyon y ap pale la. Boston Medical Center kapab elimine tout tisi oubyen pati yo retire gras ak chiriji dapre pratik abityèl la.

Nati, degre, ak objektif operasyon an, metòd ak tretman altènatif yo (tankou pou pa chwazi okenn tretman), yo te rive byen eksplike mwen risk ak chans pou gen konplikasyon ki genyen yo. Mwen konprann genyen yon chans pou risk oubyen konplikasyon enpòtan ki nan pwosedi a kapab rive, tankou men ki pa limite ak:

Risk pou pasyan genyen twòp kontraksyon, kontraksyon twò fò, fetis la kapab pa tolere kontraksyon, risk seksyon sezaryèn, enfeksyon, sèyman, lezyon vajen an, entesten an, vesi a, irèt la, iteris la, transfizyon sangen, posib blesi bebe a, posib isterektomi (ablasyon iteris la), lanmò. Risk pou bebe ki enkli domaj nan gòj oubyen trache, kowagilasyon ozalantou katetè a, sèyman ak enfeksyon sangen.

Mwen konprann yo pa bay okenn garanti sou rezilta pwosedi/operasyon sa a.

Mwen konprann doktè mwen an kapab kite sal operasyon an pandan pwosedi/operasyon an. Doktè/chirijyen mwen an te esplike epi te reponn tout kesyon mwen yo konsènan posibilite pou li absan.

Mwen konprann pwosedi/operasyon sa kapab gen yon valè edikatif oubyen syantifik. Si yon tounaj klinik (fè foto, videyo, medya elektwonik oubyen odyo) pral rive fèt, yo dwe enfòme mwen davans pa doktè mwen an sou itilizasyon ak objektif tounaj klinik lan avan tounaj la kèlkeswa moman sa posib la. Mwen konprann mwen gen dwa refize tout tounaj klinik.

Mwen bay konsantman mwen pou yo ban mwen (transfizyon) san oubyen pwodui sangen pandan pwosedi/operasyon an oubyen nan peryòd aprè operasyon an, si yo endike sa. Mwen konsyan sa genyen lòt risk ladan li, tankou men ki pa limite ak: lafyèv ak reyaksyon alèjik, transmisyon maladi tankou epatit, VIH/SIDA ak sitomegaloviris, ak sichaj likidyèn.



Consent To Procedure/Operation Labor, Augmentation, and Induction of Labor Management

Si ou refize itilizasyon transfizyon san oubyen pwodui sangen: Risk ki genyen si w refize transfizyon san oubyen pwodui sangen yo, si yo jije yo nesèsè pandan entèvansyon/operasyon an pou bay yo, medsen/chirijyen mwen an te eksplike mwen. Mwen konprann si mwen refize aksepte transfizyon sangen an, ki ka vinn nesèsè pandan oswa imedyatman aprè pwosedi/operasyon sa a, ka mete mwen nan yon pi gwo risk pou gen konplikasyon oswa konsekans katastwofik ki gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman: domaj nan sèvo, atak kè, konjesyon serebral, ensifizans renal (dyaliz), entibasyon pwolonje, andikap pèmanan ak lanmò. Sepandan, mwen refize transfizyon san oswa pwodwi san yo.

Inisyal Pasyan: _____

Mwen konprann li posib pou genyen youn oswa plizyè pwofesyonèl ki nan endistri swen sante (reprizantan teknik yo pou ekipman medikal avèk aparèy konpayi yo) kapab prezan pandan pwosedi/operasyon pou rezon konsèy ki konsène sèlman yon pwodui.

Si yo itilize kalman pandan pwosedi/operasyon sa a pou kontwole doulè mwen, Mwen konprann gen anpil risk ki asosye ak metòd sa a nan kontwòl doulè. Risk sa yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman: tansyon ba ki ka mande pou likid yo ak/oswa medikaman nan venn, ak difikilte pou respire ki ka mande pou yo bay sipò respiratwa. Efè segondè ki pi kouran ak kalman yo se kè plen ak vomisman. Nan ka ki ra, ka gen reyaksyon alèjik oswa kè ou kanpe (kè ou sispann bat). Mwen konprann mwen ka santi doulè menm apre mwen fin resevwa kalman.

Mwensètifye mwen te li epi te byen konprann konsantman ki anlè a, yo te ban mwen eksplikasyon yo, epi doktè/chirijyen an te reponn tout kesyon mwen yo. Mwen dakò ak pwosedi/operasyon sa a.

MUST RECORD DATE/TIME

Sign Name: _____ Print Name: _____ Date: _____ Time: _____
Patient

Sign Name: _____ Print Name: _____ Date: _____ Time: _____
Parent/Guardian Surrogate (if applicable)

Sign Name: _____ Print Name: _____ Date: _____ Time: _____
Provider/Physician/Surgeon

I interpreted the provider’s explanation. (Interpreter must sign below, if applicable)

Sign Name: _____ Print Name: _____ Date: _____ Time: _____



**Consent To Procedure/Operation
Labor, Augmentation, and
Induction of Labor Management**

				UPDATED DAY OF PROCEDURE/ OPERATION, IF APPLICABLE		
	Participant	Name	Year	Patient Initials	Date	Time
<input type="checkbox"/>	Fellow					
<input type="checkbox"/>	Resident					
<input type="checkbox"/>	Physician Assistant					
<input type="checkbox"/>	Certified Nurse Midwife					
<input type="checkbox"/>	Certified Nurse Practitioner					
<input type="checkbox"/>	Other					

				UPDATED DAY OF PROCEDURE/ OPERATION, IF APPLICABLE		
	Participant	Name	Year	Patient Initials	Date	Time
<input type="checkbox"/>	Fellow					
<input type="checkbox"/>	Resident					
<input type="checkbox"/>	Physician Assistant					
<input type="checkbox"/>	Certified Nurse Midwife					
<input type="checkbox"/>	Certified Nurse Practitioner					
<input type="checkbox"/>	Other					